

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekkan

Ieu panalungtikan dibéré judul “Lima Carpon Sunda pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA kelas XI (Ulikan Struktural jeung Ekokritik),” rumusan masalah jeung tujuan ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan struktur carita, sawangan ekokritik, sarta luyu henteuna éta lima carpon pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar. Pikeun ngajawab éta hal, panalungtik ngagunakeun tiori struktural ti Koswara, ekokritik ti Endraswara jeung Sukmawan, sarta tiori ngeunaan bahan ajar ti Haerudin jeung Kardana. Éta tiori dilarapkeun dina nganalisis lima carpon Sunda nu geus disebutkeun, ngagunakeun metode deskriptif-analitik, nu maké teknik studi pustaka jeung instrumen kartu data.

Dumasar hasil analisis jeung pedaran di bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Struktur carita dina lima carpon Sunda nyaéta: 1) *PK* karya Yus Rusyana, ngangkat tema ngeunaan ngajaga lingkungan jeung galurna maju. Latarna kabagi jadi opat latar, nyaéta aya 21 tempat (sabagian gedéna aya di pasir, nu kabagi jadi sababaraha bagian deui), 28 waktu, 22 suasana, jeung 4 latar sosial. tokoh utamana aya saurang, nyaéta Aki Kolot, manéhna miboga watek wijaksana, pasrah, sarta kukuh dina nyekel kayakinanana. Demi tokoh ‘pembantu’-na aya tilu urang, tapi saukur dicaritakeun saliwat nepi ka teu kapaluruh watekna. Judulna bisa langsung katitén tina salah sahiji latar tempatna, nyaéta Pasir Kiara. Sudut pandangna ngagunakeun sudut pandang jalma katilu jeung gaya basana kaasup basajan, sabab bisa langsung kaharti naon maksudna.; 2) *TS* karya H. Usép Romi H.M., miboga tema ngeunaan lingkungan pulitik jeung religi sarta galurna kaasup kana galur ganda. Dina ieu carita, aya 10 latar tempat, 33 latar waktu, 20 latar suasana, jeung 13 latar sosial. Tokoh utamana aya Lurah Barja, Bapa Bigbos, jeung Ajengan Holil (masing-masing watekna nyaéta licik, mesum, jeung wijaksana) sarta toko ‘pembantu’-na aya 10, nyaéta Indah Jelita, Rosita, Sékdés, Warga, Pa Uja, Hansip Sanadi, Sobana, Komandan Hansip Desa, jeung Pa Babina. Judulna dicokot tina salah sahiji kajadian nu nyaritakeun tokohna kudu ngangkat tanah sakarung lantaran rék ngajual tanah rahayat sacara licik, tapi teu kuateun. Sudut pandangna nyaéta sudut pandang jalma katilu jeung gaya basa nu digunakeunana mangrupa basa basajan.; 3) *TNyS* karya H. Usép Romli H.M., temana ngeunaan krisis ekonomi jeung religi, sarta galurna téh maju. Latar nu ngalengkepan éta carita kabagi jadi 18 tempat, 24 waktu, 31 suasana, jeung 10 sosial. tokoh utamana aya dua, nyaéta Aki Samun (watekna protagonis) jeung Pa Janur (watekna antagonis), demi tokoh ‘pembantu’-na aya 18, tapi saukur dipaké alat pikeun nguatan argumen carita. Judulna teu

langsung nyampak tina latar, tapi mangrupa simpulan tina hiji kajadian nu nyebutkeun yén di dunya mah henteu aya hiji hal ogé nu bakal langgeng. Sudut pandangna mangrupa sudut pandang jalma katilu jeung gaya basa nu digunakeunana gaya basa basajan.; 4) *KTKL* karya Ruhaliah, tema nu diangkatna nyaéta ngeunaan lingkungan alam (ruksakna lingkungan), galurna mangrupa galur maju. Diwangun ku 3 latar tempat, 6 waktu, 8 suasana, jeung 2 latar sosial. Demi tokoh utamana téh Si Abah, nu miboga watek pinter jeung kritis. Tokoh ‘pembantu’-na aya Pamajikan Si Abah (watekna kritis), Ki Adi (watekna ‘pekerja keras’), demi Ceu Tari jeung adi beuteungna Ki Adi mah teu kapaluruh watekna, sabab ngan dicaritakeun saliwat. Judulna langsung katitén tina hiji peristiwa nu dicaritakeun, nyaéta ngeunaan halodo nu leuwih lila ti batan sasarina. Sudut pandangna téh sudut pandang jalma katilu jeung ngagunakeun gaya basa nu basajan.; 5) *SB* karya Mamat Sasmita, miboga tema ngeunaan ngajaga lingkungan tur galurna téh maju. Latar dina ieu carita aya 19 tempat, 19 waktu, 15 suasana, jeung 10 sosial. Ari tokoh utamana, nyaéta Kang Sabri, watekna asak pikir, panceg, jeung nyantri. tokoh ‘pembantu’-na aya 9, tapi nu katangen watekna saukur aya 3, nyaéta Ajengan Falah (wijaksana), Haji Sobirin (rumasaan), jeung Yuyum (éran). Judulna dicokot tina salah sahiji latar tempat nu jadi inti tina pasualan dina ieu carita, nyaéta cinyusu nu ngaranna Séké Béntang. Sudut pandangna mangrupa sudut pandang jalma katilu jeung gaya basa nu digunakeunana basajan.

- b. Ekokritik nu aya dina lima carpon Sunda téh digolongkeun kana dua bagian, nyaéta hubungan antara lingkungan jeung struktur carita sarta kritik lingkungan. Dumasar hasil analisis, sakabéh carpon dina ieu panalungtikan miboga hubungan jeung lingkungan. Tina segi judul geus katitén yén éta hal nuduhkeun aya patalina jeung lingkungan. Kitu ogé ditilik tina latar tempatna, nyaéta tempat nu patali jeung hiji pilemburan atawa padesaan nu jadi salah sahiji ciri hubungan lingkungan jeung struktur dina carita. Demi kritikna nuduhkeun ayana unsur ngajaga lingkungan, parobahan jeung pencemaran lingkungan, ruksakna lingkungan, jeung krisis lingkungan.
- c. Dumasar hasil analisis, aya opat tina lima carpon Sunda nu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon, nyaéta *PK* karya Yus Rusyana, *TNyS* karya H. Usép Romli H.M., *KTKL* karya Ruhaliah, jeung *SB* karya Mamat Sasmita. Sabab, éta karya dianggap geus nyumponan kriteria dina milih bahan ajar, nu dititénan tina eusi bacaanana. Demi nu hiji deui mah dianggap teu luyu, lantaran eusi bacaanana ngandung unsur erotis.

5.2 Implikasi

Lima carpon Sunda pikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon di SMA kelas XI. Tina lima carpon nu ditalungtik, aya opat carpon nu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon, nyaéta carpon *PK* karya Yus Rusyana, *TNyS* karya H. Usép Romli H.M., *KTKL* karya Ruhaliah, jeung *SB* karya

Mamat Sasmita. Éta hal dumasar kana lima kriteria milih bahan ajar sarta hasil tina niténan eusi jeung basa nu dipaké dina éta carita. Demi sacarpon deui, nyaéta *TS* karya H. Usép Romli H.M. mah teu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar, sabab teu nyumponan kriteria nu tadi disebutkeun.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur, hasil panalungtikan bisa jadi rékoméndasi saperti ieu di handap.

- a. Aya opat tina lima carpon Sunda nu luyu jeung kriteria milih bahan ajar, nyaéta *PK* karya Yus Rusyana, *TNyS* karya H. Usép Romli H.M., *KTKL* karya Ruhaliah, jeung *SB* karya Mamat Sasmita. Ku kituna, éta carpon téh bisa dipilih salaku bahan ajar pikeun guru dina pangajaran maca carpon SMA kelas XI.
- b. Dipiharep aya panalungtikan séjén nu bisa medar ngeunaan pamarekan ekokritik leuwih teleb deui. Sangkan bisa ngajembaran paélmuan, hususna dina widang kritik sastra.
- c. Hal-hal nu kudu dititénan dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtik diperedih maham kana tiori, hususna ekokritik, sangkan hasilna bisa leuwih nyosok jero. Analisis nu dilakukeunana kudu bener-bener, sangkan hal nu nyamuni bisa kapaluruh sacara gembleng.